Ўзбекистон Республикаси Олий ва ўрта махсус таълим вазирлиги
Ўзбекистон Республикаси Президентининг "Истеъдод" жамгармаси
Ўзбекистон Республикаси Фанлар академияси
Ўзбекистон Республикаси Фан ва технологияларни ривожлантиришни мувофиклаштириш қўмитаси
Ўзбекистон "Камолот" ёшлар ижтимоий ҳаракатп Марказий кенгаши
Ажиниёз номидаги Нукус давлат педагогика институти

# Ёш олимлар ва талабаларнинг

# "XXI АСР - ИНТЕЛЛЕКТУАЛ АВЛОД АСРИ"

## шиори остидаги ҳудудий илмий-амалий анжуман

# МАТЕРИАЛЛАРИ

Нукус, 2016 йил 10-11 июнь

Sabaqlarda interaktiv sabaq usi’llari’n, didaktik woyi’nlardi’ maqsetli, wori’nli’ ha’m na’tiyjeli qollaw ha’r ta’repleme toli’q, wo’z yerkin pikerine iye, teren’ woylanatug’i’n, tapqi’r ha’m tez juwapli’li’q ba’rkamal a’wladti’ ta’rbiyalawda u’lken a’hmiyetke iye boladi’.

Joqari’da keltirilgen pikirlerden juwmaqlap ayti’w mu’mkin, interaktiv metodlardi’ qollap sabaq wo’tilgende, klasta sabaqqa qi’zi’qpaytug’i’n woqi’wshi’ qalmaydi’. Woqi’wshi’lar arasi’nda dostana mu’nasibet jarati’ladi’. Ba’rshe woqi’wshi’lar sabaq processine qarati’li’p, wolardi’n’ sabaqqa qi’zi’gi’wi’ artadi’. Woqi’wshi’lar keleshekte wo’zbetinshe bilim ali’wg’a, wo’ner iyelewge imkan jarati’ladi’.

## И.ЮСУПОВ ШЫҒАРМАЛАРЫНДА ТЕҢЕЎЛЕРДИҢ ҚОЛЛАНЫЛЫЎЫ

**Г.Ш.Жумамуратова, М.Д Бекбергенова**
**Әжинияз атындағы НМПИ**

Ҳәр қандай көркем шығарма көркем сөз гаўхарлары менен бериледи. Мине, усы сыпатлары менен ол көркем өнердиң басқа тараўларынан ажыралып турады. Өйткени, көркем шығарманың қунлылығы, жазыушы яки шайырдың ўақыяларды анық ашып бериў ушын қолланылатуғын сөзлерден дурыс пайдаланыўдағы шеберлиги менен айрықшаланады. «Шығарманың көркемлиги дегенде оның идеялық мазмунының берилиўинен баслап, сюжет қурыў, образ жасаў, адам характерлерин жасаў, ўақыяларды байланыстырыў, шебер тил керек болады»[1:149].

Ҳәр қандай шығарманың мазмунының тереңлиги оның көркемлик пенен сүўретлеўинде көринеди. Тилдиң көркемлик дәрежесин ашып бериўде теңеў, эпитет, параллелизм, метафора, синоним, антоним ҳ.т.б сыяқлы тилдиң көркемлеў қуралларынан пайдаланылады.Солардың ишинде әсиресе теңеу сойлеў тилинде де, поэзиялық ҳәм прозалық шығармаларда да жийи қолланылады. «Теңеў арқалы сүўретленип атырған нәрсени айрықша атап көрсетиў ушын оны соған уқсас екинши бир нәрсе менен салыстырады., тенейди.Теңеўлер бурыннан қарақалпақ әдебиятында бар болып “дай-дей, тай-тей, ша-ше, дайын-дейин, тайын-тейин, киби, яңлы, мегзер, мисли ,тәризли, сыяқлы суффикслердиң ҳәм жәрдемши сөзлерден жасалады».[1:154] Қарақалпақ әдебиятының көрнекли ўәкиллериниң бири бүлбилзибан шайырымыз И.Юсупов шығармаларында да жүдә өнимли қолланылған. Мысалы оның “ Қаратал” қосығында:

Гә шежиресин баслайтуғын ғаррыдай үнсиз,
Гә романтик жас қыялдай шуўлап тынымсыз,
Қулағымнан кетпес еле туўысқан талым,
“Шайыр бол” деп маған талай сыбырлағаның.[2:5]

-деп жаслық дәўранларының гуўасына айланған қараталды жаслық жигер ҳәм сезимлери менен сүўретлеп береди.

Сондай-ақ “Шөгирме” деп аталған косығында:

Алдыңнан қарасам артың аўықтай,
Қапталдан қарасам түриң ғаўықтай,
Қыста сәўирлеген түйетаўықтай,
Самал қақса ҳәңкийесең шөгирме.[2:72]

Байлар қашты телпеклери дирилдеп,
Кызыл күшке бардаш бермей зирилеп,
Айбатланып дигирмандай гүрилдеп,
Жамай жаўарына тийдиң шөгирме.[2:49]

-деп шайыр тарийхый тулғалардың бири болған бизиң ата-бабаларымыздың бас кийими, өткен тарыйхтың гуўасы, халқымыздың сол дәўирдеги жақын сырласы болған шөгирмени тәриплеп көркем сөз бенен сүўретлеп көрсетеди.

Шайырдың балалығын, жаслығын, туўысқанының өмирине байланыслы жазылған еске түсириўинде яғный: “Таллы жағыстағы еске түсириўлер” қосығында да көркемлеў қуралларынан орынлы пайдаланылған. Мысалы:

Бирақ ат басындай еди әрманы,
Сыңқ-сыңқ етип күлди алдыма келип,
Оның ықлас пенен күлгенин көрип,
Ойлар едиң қыз екен деп әрмансыз,

Кирпиги қайысқан тебендей еди,
Кумай көзлер мени жегендей еди,
“Ағаңнан хат жоқпа” дегендей еди,
Әйралық дәртине иштен жанган қыз.[4:19]

-деп туўысқан ағасының ашық болған ярынын ишинде қалған ышқый сезимлерин ашып берген.

Оның “ Сулыў екен Алма Атаның қызлары…” деген қосығында :

| | |
|---|---|
| Көгис гүли Буўрабайдың көлиндей, | Қулама сай шыққандай кең жазықка, |
| Сарғыш жийек тыңда пискен егиндей, | Бир аңқаў пил үңилгендей қазыққа, |
| Желбиреўи қурманғазы күйиндей, | Кеўлим алып қашты яр жүрген жаққа, |
| Кеўлимде көп ышқы дәрти қозғады… | Көзимди ашсам кетип қалған қыздағы.[4:11] |

-деп қызларга тән болған айрықша гөззаллықты, тәбият инәм еткен өзгеше шырайды, тынық булақ суўындай пәкликти баян етеди.

Шайыр соның менен бир қатарда, каракалпақ халқының кең пейиллигин, адамгершилик пазыйлетиниң жоқарылығын, адамлардың бир-бирине болған меҳир-мириўбетин, үлкенге ҳүрмет- кишиге иззет сыяқлы тәрбиялык әҳмийетке ийе болған белгилерин көркемлеў қуралларынан шебер пайдаланыўы менен толық жеткерип бере алған. Мысалы, “Қаракалпақты көп мақтама көзимше” деген қосығында:

| | |
|---|---|
| Мийнет десе жең түринген палўандай, | Сумлық қылса сыр алдырар баладай, |
| Арбаға таў тийе десе тийеген. | Кеўилшеклик минезине күйемен, |
| Дослык десе жулдыз таўып алғандай, | Ал енди оның кең жазийра даладай, |
| Халқымның ақ көкирегин сүйемен. | Азаматлық кең пейилин сүйемен.[4:46-47] |

Сондай-ақ “ Тасқын болып ағып өт….”қосығында:

Шабар болсаң арғымақтай арқыра,
Ушар болсаң суңқардай уш шарқ ура,
Жигериңди жумсап жаслай халқыңа
Елдиң мәпин көз нурына бағып өт [3:165]

-деп инсанның ҳәр қашан тынымсыз алға талпыныўын, бийбаҳа жаслықтың қәдирине жетиўди , билим излеў жолында ҳеш қашан артқа шегинбеў кереклигин айтып өтеди.Демек, шайыр бул қосықлары арқалы өзиниң айтажақ ойын ишки толғанысларын оқыўшылар қәлбине терең сиңдириў ушын көркемлеў қуралының бири болған теңеўлерден шебер пайдаланған.

**Әдебиятлар:**

1. Ахметов. С Султанов.Қ Әдебияттаныў. Нөкис. Қарақалпақстан.1987
2. Юсупов. И Күншығыс жолаўшысына. Карақалпақстан.Б. Нөкис.1959
3. Юсупов. И Булбил уясы. Нөкис.Б. 1997
4. Юсупов. И Пазыйлет. Б.Нөкис

## И. ЮСУПОВТЫҢ ТАРИЙХЫЙ ПОЭМАЛАРЫНДА БАТЫРЛАР ОБРАЗЫ

**А. Жақсылықова, М. Бекбергенова**
**Әжинияз атындағы НМПИ**

**И.**Юсупов – ХХ әсир қарақалпақ әдебиятының жанрлық хәм көркемлик жақтан раўажланып, байып барыўына өзиниң салмаклы үлесин қосқан уллы сөз зергери. Әдебиятымыздың байтереги болып танылған бул уллы тулға хаққында сөз журиткенимизде ериксиз оның хеш жерде такирарланбас дөретпелерин көз алдымызға еслетемиз.

Академик Ж. Базарбаев шайыр хаққында «Ибрайым Юсупов дегенде хәр бир инсан оның поэзиясына бас ийип, шын қәлби менен тыңлайды хәм бундай шайырлардың бар екенлигине шүкирлик етип, оған узақ өмир тилейди».[1.4]

Хақыйқатында да, И. Юсупов бәрше әдебият шайдасының қәлбинде, жүрек төринде мәңги өмир сүреди. Шайырдың бизлерге инам еткен ҳәр қандай дөретпесин ҳәр бир басқан адымымызда да, ядтан көз алдымызға елеслете аламыз. Себеби шайыр дөретпелериниң қунлылығы сонда, оның шығармаларында кеўлиндеги бар ең жақсы тилеклерин, жақсылық нәпеси сезилип турған сөзлерин, халқымыздың кең пейиллигин,

## ИЖТИМОИЙ-ГУМАНИТАР ФАНЛАР


**Кириш**…………………………………………………………………………… 3

1. **Алламбергенова Г.К.** Қарақалпақ эпосларын типологиялық салыстырмалы усылда үйрениўдиң гейпара мәселелери……………………………………… 5
2. **Бахиева Г., Шынназарова С.** 7-класста тиркеўишлерди оқытыў мәселелери… 7
3. **Адилова Ш. Утамбетова А.** Бердақ шығармаларында фольклорлық көринис-лер…………………………………………………………………………… 10
4. **Уснатдинова Д. Шамуратова З.А.** К истории изучения литературных взаимосвязей……………………………………………………………………… 13
5. **Турдымуратова А.Б.** Различные подходы к пониманию интеллекта……….. 15
6. **Тойлибаев С.М**. Физикалық шынығыўларды орынлаўда ҳәм спорт пенен шуғылланыўда педагогикалық бақлаў………………………………………… 17
7. **Тоқымбетова Г.** Бердақтың эпикалық шығармаларының поэтикасы……….. 19
8. **Salieva Z.** O'zbekstanda qamsizlandiriw bazarinin' payda boliwi, rawajlaniw tendentsiyalari ha'm perspektivalari……………………………………………… 22
9. **Sagatdinova G.** Ruwxi'yli'q tiykarlari'n woqi'tiw'da klasstan ti's jumi'slardi'n' a'hmiyeti…………………………………………………………………………… 24
10. **Пахратдинова А., Баўатдинова С.** Аббаз Дабыловтың «Баҳадыр» дәстанында Ўатан тәрийпи…………………………………………………………………… 26
11. **Палымбетова М.** XIX әсир қарақалпақ поэзиясында халықаралық сюжетлердиң типологиясы Palimbet…………………………………………… 28
12. **Palimbetova M.** M. Seytniyazov poeziyasi'nda mazmun ha'm forma birligi……. 32
13. **Отарова Т. Бекбергенова М**. Ибрайым Юсупов поэзиясында өмир философиясы……………………………………………………………………… 34
14. **Orazbaeva G. Bekbergenova M.** Ha'zirgi da'wir qaraqalpaq poeziyasinda A'jiniyaz da'stu'rleri………………………………………………………………… 36
15. **Niyazi'mbetova G.** Qaraqalpaq awi'zeki so'ylew tilinde sonor dawi'ssi'zlardi'n' jumsali'wi'ni'n' ayi'ri'm wo'zgeshelikleri……………………………………… 39
16. **Байниязова З. М.Бекбергенова** И. Юсупов лирикасында Ўатан темасы… 41
17. **Мамбетова И.** Чет тилини ўқитишда шахсга йўналтирилгн таълим…………. 43
18. **Kdirbaeva G. Baxieva P.** The role of language awareness in cross-cultural development……………………………………………………………………… 45
19. **Kdirbaeva G., Utepova D.** The field of semantics in cognitive linguistics……….. 49
20. **Каниязова Ж.** Ш.Сейитовтың «Халқабад» роман-тетралогиясының сюжетли дүзилиси…………………………………………………………………………… 51
21. **Қаллибекова Ҳ., Ктайбекова З.** Х. Турымбетов поэзиясында дослық темасы 54
22. **Қайыпназарова Р. Ктайбекова З.** Ж. Дилмуратов шығармаларында тәбият темасының сәўлелениўи ……………………………………………………… 56
23. **Қайпназарова М.Қ.** Қарақалпақ тили арқа диалекти сөйлесимлеринде тутыныў буйымларының атамалары ………………………………………… 59
24. **Қайпназарова М.Қ.** Қарақалпақ тили арқа диалекти сөйлесимлеринде фразеологизм ҳәм нақыл-мақаллардың қолланылыўы……………………… 61
25. **Kadirbergenova A.** Baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'n wo'zbetinshe ha'm logikali'q pikirlewge, tez juwapli'li'qqa ha'm tapqi'rli'qqa u'yretiwde didaktik woyi'nlardi'n' worni'……………………………………………………………… 63
26. **Жумамуратова Г. Ш. Бекбергенова М.Д.** И.Юсупов шығармаларында теңеўлердиң қолланылыўы…………………………………………………… 65
27. **Жақсылықова А. Бекбергенова М. Д.** И. Юсуповтың тарийхый поэмаларында батырлар образы……………………………………………… 66